ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м и ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА
И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№241 (22.899) ● 2014 гъэм дыгъэгъазэм (декабрым) и 11, махуэку ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Къапэщытхэр унафэкІэ щІагъэбыдэ

● Къэрал Іуэху

«КъБР-м и Муниципальнэ щыналъэхэм я зэгухьэныгъэ» ассоциацэм (АСМО) и правленэмрэ «ЩЫпІэ унафэр зезыгъэкІуэ ІэнатІэхэм я урысейпсо совет» (ВСМС) ООО-м и республикэ къудамэм и бюромрэ дыгъэгъазэм и 9-м зэщІыгъуу ирагъэкІуэкІа зэІуэщІэм Іуэхугъэуищ щыгъэпкърахащ. Апхуэдэщ жылагъуэхэмрэ республикэм хыхьэ щыналъэхэмрэ я гъунапкъэхэр кадастр учетым зэрагъэувым, КъБР-м и АСМО-м илъэс къэс халъхьэ взносыр етІанэгъэ зыхуэдизынум, ар къызэрыхахьну щыкІэм, къуажэхэмрэ къалэхэмрэ зэрызэуужьыр къызэралыгъэну методикэм теухуахэр, Зэхьыхьэр ирегъэкІуэкІащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и АСМО-м и правленэм и Іэтащхьэ Пэнагуэ Максим.

УРЫСЕЙ Реестрым и республикэ къудамэм и унафэщІ Жэмыкъу Артур къызэуэсахэм ягу кІыгъэкІыжащ Урысей Федерацэм и щыналъэхэм, муниципалитетхэм, жылагъуэхэм, хэхуэу къагъэсэбэп зонэхэм я гъунапкъэхэр зыхуэдэр ямыгъэІэпхъуэ мылъкумкІэ къэрал кадастрым егъэтхьныр УФ-м и субъектхэм я къэрал властымрэ щІыпІэ самоуправленэмрэ я органхэм мыхьэнэшхуэ зиІэ я къалэну зэрыщытыр. Абы къызэригъэлъэгъуамкІэ, муниципальнэ щыналъэхэм я гъунапкъэхэр гъэхуэныр Іыхьитіу зэщхьэщыхуэу ирагъэкІуэнкІи хуейщ. Ахэр зэрагъэбелджылы картэхэр 2005 гъэм гъатхэпэм и 1 пщІондэ УФ-м и щыналъэхэм я законхэмкІэ къащтащ. Иджы илъэсым щыщу къэнэжа зэманым къуиубыдэу муниципальнэ щыналъэхэм я гъунапкъэхэр къалэхуэу, щы законодательствэм къызэригъэувым тету ятхынщ икІи къащтэнущ.

- Республикэм и муниципальнэ щыналъэхэм я гъунапкъэхэм я картэхэр щыІэщ, ауэ ахэр зыхуэзэхэр (координатхэр) къагъэлъэгъуакъым. А лажьыгъэр «Налшыкгипрозем» ООО-м иригъэкІуэкІащ, КъБР-м ямыгъэІэпхъуэ мылъкумкІэ и Іуэхущапіэм 2004 гъэм тхылъхэр иратауэ, щІыпІэ ресурсым къыбархэр ямыгъэІэпхъуэ мылъкум и къэрал кадастрым щатхыну хуиткъым, - къыхигъэщащ Жэмыкъу Артур.

(КІэухым 2-нэ нап.).

● Пщэдей УФ-м и Конституцэм и махуэщ

Псом япэ ирегъэщ

Ди къэралым XX лІэщІыгъуэм щІэх-щІэхыкІуэ зэхъуэкІыныгъэ инхэр къыщыкъуащ. ЩЫ хъурейм и Іыхьэ ханэм Совет властыр тепщэ щыхъуа иужь, пІалъэ-пІалъэкІэрэ ди деж къыщащтащ абыхэм адекІуну конституцэхэр. Ар лъэпкъхэм я зыужьныныгъэм щІэзэкъуэныгъуэ хуэхъуауэ щытащ. Апхуэдэу 1977 гъэм жэпуэгъуэм и 7-р СССР-м и тхыдэм хыхьащ «Зызыужьа социализмэм и Конституцэр» къыщащта махуэу, ауэ абы лъэужьышхуэ къыгъэнакъым.

СССР-р, абы кІэлъыкІуэу Совет властымрэ щыпхъэлъэжьым къэралым и ухуэкІэмэ зихъуэжащ. Зэманым декІун Конституцэ къащтэн хуейт. Ягъэхьэзыра Хабзэ Нэхъыщхьэм и телъхьэу цІыхубэм я нэхъыбэм І я ІэІатащ 1993 гъэм дыгъэгъазэм и 12-м. КонституциощІэр япэ итахэм сыт и лъэныкъуэкІи къащхьэщыкІыпрт. Абы теухуауэ 2008 гъэм УФ-м и Президенту щыта Медведев Дмитрий жиІэгъащ: «Илъэс пщыкІутху и пэкІэ дэ къэтщтащ ди тхыдэм Хабзэ Нэхъыщхьэу хэта псомкІи ефІэкІ КонституциощІэ. Абы псом япэ ирегъэщ цІыхум и хуитныныгъэхэр, гражданскІэ зэрыщыгъэхэр».

Ар пэжщ, шэч гуэри кІытумыхьэну. Жыпіэну ирикъунщ къэралым и Хабзэ Нэхъыщхьэм иджы япэ дыдэу ЦІыхум и хуитныныгъэхэм псомэ я зэхуэдэ декларацэр яІэ Іыхьэу зэрыхагъэхьар. Уеблэмэ абы тегушхуакъым демократиер къызэкІыу къалъытэ зызыужьа къэралэ куэд. Апхуэдэ дыдэу жыпІэ хъунущ ди къэралым зыщыщ лъэпкъ, иныгъ дин я лъэныкъуэкІэ, нэгъуэщІкІэ цІыхухэр зэхэгъэж яІущ зэрыщамыдэр, властыр цІыхубэм и пащхьэм и деж жэуапткІуэу зэрыщыщытыр, медицинэ Іуэхутхьабзэхэр, егъэджэныгъэ І энатІэр зэрыщыпщІэнщэр, н. къ. Дэтхэнэми хуитныныгъэ иІэщ ягъэ унафэщІхэр хихыну е езым зыхрИгъэхыну. Дыщыгугъынщ зи махуэр дгъэлъапІэ ди Конституцэм къэралми цІыхуми зыдаужьыну.

ШЫПШ Даянэ.

● Аруан щыналъэ

Къащта къалэнхэр ягъэзащІэ

2014 гъэр Аруан районым ерыскъыхэкІым елэжь и предприятэхэм яхуэІеякъым.

ЯПЭ КВАРТАЛИЩЫМ къриубыдэу абыхэм проблемэ зэмылІэужьыгъуэу сом 1 мелардрэ мелуан 44,2-рэ къыщІагъэкІащ. Ар ипэ ита илъэсым и мазибгъу лэжьыгъэм зыхэпщІэу іофІэкІ.

Куейм и бюджетым хэлъхьэныгъэ хъарзынэкІэр хуэзыщІа «Оникс», «Концерн ЗЭТ», «Мускат» Іуэхущапіэхэм ядкІэкІуэу ерыскъы предприятэхэм ягъэхьэзырадж фІэІуГэ зэмылІэужьыгъэуэ условиэ банкІ мелуани 103-м щІигъу. Абы сом 1 мелардрэ мелуан 88,7-рэ хуоэзэ икІи ар гъэ кІуам нэхъ рэ процент 34-кІэ нэхъыбэщ. ФІэІуГъэхэм нэхъыбэу елэжьащ «Агро-Инвест» ООО-р. Абы къыщІигъэкІар условиэ банкІ мелуан 92,2-рэ мэхъур. Къапщтэмэ, ар районым ерыскъыхэкІыу и процент 88-м щІегъу.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● Дзэлыкъуэ щыналъэ

ЩІыпІэр ягъэдахэ

Дзэлыкъуэкъуажэм Щэнхабзэмкіэ и паркыр зыхуей хуагъэзащ.

ИУЖЬРЕЙ илъэс 20-м лэжьыгъэ пыухыкІа къыщымахьэлІа мы щІыпІэр, зэрыгурыІуэгъуэщи, куэдым хуэныкъуэт. КІуажэ администрацэр иужь ихьэри, Іуэхур зэуэ итэкІэ кІуэтащ: Іэщхэри щыхъуакІуэрэ, пхъэнкІий гъэтІылъыпІи хьуа щыпІэр къомыцІыхужьыну зэщІагъэхьэбзащ, ДК-м и гупэкІэ тетІысхьэпІэкІэр ягъэуващ, езыгъэри зэрахьэри, ихъуреягъуэ уэздыгъэ дахэхэмкІэ къагъэнэхужащ. ГектариТ зи инагъ паркым ит жыгэкІ яухъуэщІри сэху тракІэжащ, пхъэнкІийхэмрэ кІэрыхубжьрыкужхэмрэ зэщІагъэхуэрэ ягъэсащ.

ЖэрдэмщІакІуэхэм я фыгъэкІэ, парк кІуэцІым зыщызыпІлъыхь сабийхэм папщІэ тетІысхьэпІэ щхъуэкІэпІлъыкІэу 20 ягъэуващ, уэздыгъэу 10 фІадащ. Иджы къуажэдэхэм яфІофІыпІуэ пшапІэр зэхуэсу паркым къыщакІухь, я нэгу зрагъэужь. Псом хуэмыдэу апхуэдэ Іуэху щхьэпэм щыгуфІыкІащ жылагъуэм дэс нэхъыжьхэри. Зауэм хэтахэм я фэепІэкІэр абыхэм езыхэм я гукъыдэжкІэ зыхуей хуагъэзащ.

Къуажэм къыщрахьэжьа Іуэхуфіем адэкІи къыпащэну я мурадщ.

ЖАНОКЪУЭ Хьэутий.

● Гу зылъытапхъэ

Жылагъуэ егъэблэгъапІэхэр

Урысей Федерацэм и Президентым къызэригъэувам тету, нэгъабэ щІадзауэ, Урысей Федерацэм и Конституцэм и махуэм - дыгъэгъазэм и 12-м - щІыпІэ зэманыр сыхьэт 12 - 20-хэм кІуачІыбыдэу УФ-м и Президентым и жылагъуэ егъэблэгъапІэу Москва къалэм, федеральнэ округхэм, УФ-м и субъектхэм я къалащхьэхэм дэтхэм, федеральнэ гъэзэщІакІуэ органэмрэ абыхэм я щыналъэ органхэмрэ, федеральнэ къэрал органхэмрэ абыхэм я щыналъэ органэмрэ, Урысей Федерацэм и субъектхэм я къэрал властым и гъэзэщІакІуэ органхэм, щыпІэ унафэр зезыгъакІуэ органхэм я щхьэ Іуэхуікъэкіуапіэ цІыхухэм зыхуэфащэ кІуплъыкъуущІэхэр яІуощІэ. Апхуэдэу а зэманым цІыхухэм я жылагъуэ екІуэлІапІэхэр связым и Іэмал псомкІи япыщІауэ щытынущ зыхэпІлъ тхьэусыхафэхэр дагъэкІыну зыбгъэдахуэ органхэмрэ организацэхэмрэ я уполномоченнэ лЫкІуэхэм. Жылагъуэ егъэблэгъапІэхэм екІуалІэхэм яІущІэнущ дэтхэнэми и чэзыр къыщысым деж, ауэ псомэ зи щысыр къэзыгъэлъагъуэ документ (паспорт) яІыгъын хуейщ.

Жылагъуэ егъэблэгъапІэхэм зи щхьэ Іуэхукіэ екІуэлІэнухэм апхуэдэу республикэм и прокуратурэм, къалэ, районым прокуратурэхэм пщэдей сыхьэти 10 - 12-хэм къриубыдэу зыщыгъэхъ хунущ. 2014 гъэм дыгъэгъазэм и 12-м цІыхухэм зэралуІэну щыкІэмрэ а зэІуэщІэхэр щекІуэкІыну щыпІэхэмрэ Урысей Федерацэм и Президентым Интернетым щІэ напэкІуэцІым, апхуэдэу зыхуэфащэ къэрал органхэм, щыпІэ унафэр зезыгъакІуэ органхэм Интернетым щІэ напэкІуэцІхэм къыщыгъэтынущ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и прокуратурэм и лэжьакІуэхэр Налшык къалэ Кулиевым и цІэр зезыхь и уэрамым тет унэ №26-м, къалэ, районым прокурорхэр зыхуэфащэ прокуратурэхэм я унэхэм цІыхухэм щахуэзэнущ. «Урысей Федерацэм и прокуратурэм и Іуэхуікъэ» 1992 гъэм щІышылэм и 17-м я къащта Федеральнэ закон № 2202-1-м и 10-нэ статьям къызэригъэувым тету а зэІуэщІэхэм щызэпкърахынущ законхэр къызэрызэпаудым теухуауэ цІыхухэм къабгъэдэкІ тхьэусыхафэ зэмылІэужьыгъуэхэр.

КъБР-м и прокуратурэ.

● Джэрпэджэж

Алим и щІыхькІэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІыхубэ усакІуэ, Социалист Лэжьыгъэм и ЛІыхъужь, РСФСР-м, КъБР-м я Къэрал саугъэтхэм я лауреат, къэрал, жылагъуэ лэжьакІуэ КІыщокъуэ Алим къызэралъхурэ илъэси 100 зэрырикъу Москва дэт Литературхэм я унэм дыгъэгъазэм и 9-м щагъэлъапІащ. УФ-м и щыхьэрым щылажьэу, щеджэу щыІэ къыщыныгэмыщІауэ тхакІуэхэр, усакІуэхэр зыхэта пшыхьыр сыт и лъэныкъуэкІи зыхуей хуэзэу къызэригъэпэщат КъБР-м Щэнхабзэмкіэ и министерствэм.

ПШЫХЬЫМ адыгэ лъэпкъымрэ Москва дэс ди къуэшхэмрэ я дежкІэ иІа мыхьэнэм, ар зи фэеплъ цІыху щэджащэм, усакІуэ тельыджэм хуащІа пщІэм, гур хигъахъуэу, адыгэр иІэту зэрекІуэкІам техуха и гупсысхэмкІэ «Адыгэ псалъэ» газетым къыдагъэшащ Москва щыІэ адыгэхэм я нэхъыжьхэм я советым и тхьэмадэ, экономикэ щІэныгъэхэм я доктор, профессор, АР-м, КъБР-м, Къ�ШР-м, Ингушым щІэныгъэхэмкІэ щІыхь зиІэ я лэжьакІуэ **Агырбэ Юрий**:

- Москва сызэрыдэс лъандэрэ адыгэ Іуэху куэдым сыхэтащ, лъэпкъым ехьэлІа пшыхьи, махуэшхуэ куэди сыщыІащ, ауэ гъубж пщыхьэщхьэм си гур хэзыгъэхъуам хуэдэ сэ зэи срихьэлІакъым. КъБР-м щэнхабзэмкІэ и министр Къумахуэ Мухьэдин КІыщокъуэм техуха куэдым дыхигъэгъуэзэжащ а пщыхьэщхьэм, дахэу къэпсэльащ. УсакІуэ нэсым и гъащІэм и лъэныкъуэ псори къызэщІаубыдат ар къызэзыгъэпэщахэм, абы и усыгъэхэр дунейм къызэрытехьар, Алим фронтым щрихьэкІа къупльэр, балъкъэр усакІуэ цІэрыІуэ Кулиев Къайсын и ныбжьэгъу пэжу зэрыщытар, куэдым и гугъу яІащ. Псом хуэмыдэу сигу дыхьащ апхуэдэ псалъэхэр щІэзыгъэбыдэ суратхэмкІэ зэхагъэува, экранкІэ ягъэльэгъуа видеори.

Утыкум ита дэтхэнэ зыми, а Іуэху дахэр къызэгъэпэщыным зи гуащІэ хэзылъхьахэми фІыщІэшхуэ яхуэсщІыну сыхуейт. Сыт щхьэкІэ жыпІэмэ, иджыри зэ ди фІыр утыку кърахьащ, ди щІалэгуалэм ирагъэлъэгъуащ адыгэлІ нэсым, зэчий зыбгъэдэлъэныр, зэкупсэ щІалэм хуэзфэкІам-рэ къызыхэкІар зэриІэтамрэ.

Пшыхьым усэ къыщеджахэм, ар зыгъэдэха псоми Москва дэс адыгэхэм къабгъэдэкІыу фІыщІэ яхуэзощ. Ди гур хагъэхъуащ «Кабардинка» къэрал академическэ ансамблымрэ «Балкария» къэфакІуэ гупымрэ, щІыпІэ куэдым щыщІэрыІуэ уэрэджыІакІуэ Сокъур Ольгэ, нэгъуэщІхэми.

КІыщокъуэ Алим лъэпкъым къыхуигъэна хьугъуэфІыгъуэр нэсу щызыхэпщІэрт мы пшыхьым икІи абы и фэеплъыр иджы псэуэм зэралэщІэмкъуам уигъэгушхуэрт. Си щхьэкІэ апхуэдэу си гур щыз зыщІа, щыпсэхуэ пшыхь ильэс куэд лъандэрэ сыщыІакъым. Къытрагъэзэжу зыбжанэрэ ирагъэкІуэкІами си щІэщыгъуэу, сфІэфІу сыкІуэнут, щІалэгуалэм я дежкІи сэбэпышхуэ хъунут!

НЭЩІЭПЫДЖЭ Замиря.

Пшыхьым фрагъэблагъэ

КъБР-м Щэнхабзэмкіэ и министерствэм дыгъэгъазэм и 19-м фрегъэблагъэ КъБАССР-м и цІыхубэ усакІуэ, Горький Максим и цІэр зезыхьэ Къэрал саугъэтым и лауреат Зумаколовэ Танзиля къызэралъхурэ илъэс 80 зэрырикъум теухуа пшыхьым.

Апхуэдэуи дыгъэгъазэм и 22-м фрагъэблагъэ КъБР-м и цІыхубэ усакІуэ, Къэрал саугъэтым и лауреат Тхьэгъэзит Зубер къызэралъхурэ илъэс 80 зэрырикъум теухуа пшыхьым.

Зэхьхьэхэр Налшык и Музыкэ къэрал театрым щекІуэкІынущ сыхьэт 18-рэ дакъикъ 30-м щІидзэу. УщІэ зиІэхэр мы телефонхэмкІэ фыпсалъэ хъунущ: **77-42-08; 40-31-49**.

№241 (22.899) ● 2014 гъэм дыгъэгъазэм (декабрым) и 11, махуэку ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

● КъБР-м и тхьэІуху-2014

Сурэтыр **Іэхъуфбэч Илья** *трихащ.*

Гуо Назимэ Москва къыпоплъэ

Налшык и Музыкэ театрым щекІуэкІащ «КъБР-м и тхьэІуху - 2014» зэпеуэр.

ПШЫХЬ дахэр ирагъэкІуэкІащ журналист, уэрэджыІакІуэ **Аттаев Азнаррэ** «Налшык и тхьэІуху-2012» зэпеуэм пашэ щыхъуа, къэфакІуэ **МафІэдз Линэрэ**.

Зэхьхьэ гуапэм цІыхушхуэ щызэхэсат, республикэм и пащащэ зэкІужжэм ящыщу тхьэІуху цІэ лъапІэр къэзыхьэхунум епГыну хуэпІащІэу.

Зэпеуэм хэтхэм я зэфІэкІымрэ дахагъэмрэ къэзыпщтахэм ящыщу Биснесымкіэ институтым и «Инсайт» Іуэхущапіэм и унафэщІ, психологие щІэныгъэхэм я кандидат, Акмеологие щІэныгъэхэмкІэ дунейпсо академием и членкорреспондент **Сэбаншы Ритэ**, «Оазис» тыкуэнышхуэм и унафэщІ **Мамбэт Мурат**, «S-club» фитнес Іуэхущапіэм и Іэтащхьэ **Скорик Оксанэ**, ГъуазджэхэмкІэ Кавказ Ищхьэрэ институтым и проректор, профессор, философие щІэныгъэхэм я доктор **Эфендиев ФуІэд**, Федеральнэ антимонопольнэ Іуэхущапіэм и управленэм республикэм щиІэ къудамэм и пашэ **Пщышэ Къазбэч**, «Восток» киногъэлъэгъуапІэм и унафэщІ **ГъущІо Даринэ*.***

Іыхьищу гуэшауэ щыта зэхьхьэхуэм пщащэ 18-м я зэфІэкІ щагъэлъагъуэ. Япэ Іыхьэм щыдагъэщІыхуащ чэзыуэ утыку кхихьахэр. Ахэр зыхуеджэ ІэщІагъэм, зыхуэІэзэ, дзэзыхэх Іуэхугъуэхэм дыхагъэгъуэзащ. «Свой стиль» зыфІащэ етІуанэ Іыхьэм хиубыдэу пщащэхэм образ зэмылІэужьыгъуэхэр къагъэщІащ, я къэухьыр здынэсыр къагъэлъагъуэу. Ещанэ Іыхьэм хъыджэбзхэм щагъэнэІуащ лъэпкъ къафэмкІэ яІэ зэфІэкІыр. Зи Іэпкълъэпкъыр лантІэ, зи пкъыр уха, зи бгыр псыгуэ пщащэ щыкІафІэхэр ди адыгэ фащэ екІум нэхъ дахэж щІэхъуІыІуэ къэфащ.

(КІэухым 2-нэ нап.).

● Къэрал Іуэху

Псом япэ ирегъэщ

Ди къэралым XX лІэщІыгъуэм щІэх-щІэхыкІуэ зэхъуэкІыныгъэ инхэр къыщыкъуащ. ЩЫ хъурейм и Іыхьэ ханэм Совет властыр тепщэ щыхъуа иужь, пІалъэ-пІалъэкІэрэ ди деж къыщащтащ абыхэм адекІуну конституцэхэр. Ар лъэпкъхэм я зыужьныныгъэм щІэзэкъуэныгъуэ хуэхъуауэ щытащ. Апхуэдэу 1977 гъэм жэпуэгъуэм и 7-р СССР-м и тхыдэм хыхьащ «Зызыужьа социализмэм и Конституцэр» къыщащта махуэу, ауэ абы лъэужьышхуэ къыгъэнакъым.

СССР-р, абы кІэлъыкІуэу Совет властымрэ щыпхъэлъэжьым къэралым и ухуэкІэмэ зихъуэжащ. Зэманым декІун Конституцэ къащтэн хуейт. Ягъэхьэзыра Хабзэ Нэхъыщхьэм и телъхьэу цІыхубэм я нэхъыбэм І я ІэІатащ 1993 гъэм дыгъэгъазэм и 12-м. КонституциощІэр япэ итахэм сыт и лъэныкъуэкІи къащхьэщыкІыпрт. Абы теухуауэ 2008 гъэм УФ-м и Президенту щыта Медведев Дмитрий жиІэгъащ: «Илъэс пщыкІутху и пэкІэ дэ къэтщтащ ди тхыдэм Хабзэ Нэхъыщхьэу хэта псомкІи ефІэкІ КонституциощІэ. Абы псом япэ ирегъэщ цІыхум и хуитныныгъэхэр, гражданскІэ зыщыгъэхэр».

Ар пэжщ, шэч гуэри кІытумыхьэну. Жыпіэну ирикъунщ къэралым и Хабзэ Нэхъыщхьэм иджы япэ дыдэу ЦІыхум и хуитныныгъэхэм псомэ я зэхуэдэ декларацэр яІэ Іыхьэу зэрыхагъэхьар. Уеблэмэ абы тегушхуакъым демократиер къызэкІыу къалъытэ зызыужьа къэралэ куэд. Апхуэдэу дыдэу жыпІэ хъунущ ди къэралым зыщыщ лъэпкъ, иныгъ дин я лъэныкъуэкІэ, нэгъуэщІкІэ цІыхухэр зэхэгъэж яІущ зэрыщамыдэр, властыр цІыхубэм и пащхьэм и деж жэуапткІуэу зэрыщыщытыр, медицинэ Іуэхутхьабзэхэр, егъэджэныгъэ І энатІэр зэрыщыпщІэнщэр, н. къ. Дэтхэнэми хуитныныгъэ иІэщ ягъэ унафэщІхэр хихыну е езым зыхрИгъэхыну. Дыщыгугъынщ зи махуэр дгъэлъапІэ ди Конституцэм къэралми цІыхуми зыдаужьыну.

ШЫПШ Даянэ.

● Щэнхабзэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Къэрал саугъэтхэм я лауреатхэр

**Къэбэрдей-Балъкъэрым и Къэрал саугъэтым и лауреатхэр ящІэрт: Ахмедов Мухьэдин, Ахмедов Ислам, Ахмедов Ислам, Ахмедов Ислам

Къапэщытхэр унафэкІэ щІагъэбыдэ

(КІэухыр. ПэщІэдзэр 1-нап.)

Къапсэпъам зэрыжиІамкІэ, щІыпІэ самоуправленэм и Іэнатіэхэм я унафэ щхьэхуэхэмкІэ муниципальнэ щІыналъбыдым я гъунапкъэхэр зыхуэзэр ягъэбелджылаш. Мы зэманым ахэр ямыгъэІэпхъуэ мылъкумкІэ къэрал кадастрым щатхащ, щы уфэзыхуэІэм теуха хъыбархэр щызэхуагъакІуэ фондым иратащ.

Жэмыкуэ Артур къызэригъэлъэгуамкІэ, Урысей Федерацэм и гъунапкъэмрэ щІыналъэ зэхуаку гъунапкъэхэмрэ зыхуэдэр нобэр къызэдэсым къэрал кадастрым къыщыгъэлъэгуакъым. «2014 - 2019 гъэхэм ямыгъэІэпхъуэ мылъкумкІэ ІэІэ хуитыныгъэхэр зэратх, кадастр учет зэращІ зыуэ щыт къэрал системэм зэрызыужьынур» Федеральнэ программэ хэхам ипкъ иткІэ, УФ-м и субъектхэм, муниципальнэ щІыналъэхэм, жылагъуэхэм я гъунапкъэхэм теуха цІыубзыху лэжьыгъэхэр ирагъэкІуэкІын, абыхэм ХэрикІуар кадастрым иралъхьэн хуейщ. Апхуэдэу Урысей Федерацэм и субъектхэм, муниципальнэ щІыналъэхэм, жылагъуэхэм я гъунапкъэ зэхэкІыпІэхэр зыхуэзэр зыгъэбелджылы тхыгъэхэр ямыгъэІэпхъуэ мылъкум и къэрал кадастрым щегъэтхьынымкІэ зэуІуу зэфІэгъэкІыпхъэхэр ягъэхьэзырынущ. А лэжьыгъэр Урысей Реестрымрэ щІыналъэхэм я гъэзэщІакІуэ властым и къудамэхэмрэ зэщІигъуу ирагъэкІуэкІынущ я мурадщ. Арами, абы теуха зэгурыІуэныгъэхэр лъэныкъуэхэм иджыри зэращІыпІакъым.

- ЗэуІуу дыздэмылажьэмэ, щы, мылъку зэхуащытыкІэхэм пыщІа Іуэхуэхэм тыншу унафэ тхутегущІыхьыныкъым, - кІыхьигъэщащ къэпсэлъам.

Урысей Реестрым и Федеральнэ кадастр палатэм и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и унафэщІым и кьалэнхэр зыгъэзащІэ Мысхьужь Азэмэт ямыгъэІэпхъуэ мылъкум и къэрал кадастрым хьыбархэр зэрыщыізэкІэльхьщІыкІэм щхьэхуэу къытеувыІащ, а Іуэхур щІэзыгъэпсынщІэну къилъытэ зэкІыпІэхэмрэ къагъэсэбэпын хуей Іэмалхэмрэ зэпкърихащ.

Тепсэлъыхьыныр зэфІэкІа нэужь, КъБР-м и АСМО-м и правленэм абы теуха унафэ кьищтащ.

КъыкІэлъыкІуэу зэхьыхьэм щедэІуащ республикэм и муниципальнэ щІыналъэхэм я зэгухьэныгъэм илъэс кьэс хальхьэ взносыр етІанэгъэ зыхуэдизынумрэ ар кьыхэрахьыну щІыкІэмрэ теухуауэ ассоциацэм и гъэзэщІакІуэ унафэщІ Маслов Николай жиІаэм. Илъэсым и кІуэцІкІэ тІэу - мазаем и 1-мрэ бадзэуэгъуэм и 1-мрэ - взносхэр ятын хуейуэ ягъэуващ.

Ещанэ Іуэхугъуэм хьыхьэу, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш университетым и лІыкІуэжу экономикэ щІэныгъэхэм я доктор Быдзыгъэ Црайрэ экономикэ щІэныгъэхэм я кандидат Гордеев Анатолэрэ республикэм и къуажэхэм, кьалэхэм зэрызаужьыр кьызэралъытэну методикэм кьызэхуэсахэр кьызэхагъэгъуэзащ.

ЗэІуцІэм хэтащ КъБР-м и Іэтащхьэм и Администрацэм и унафэщІ Битокъу Владимир, абы и кьудзэ Сарбашевэ Светланэ, республикэм и ялэ вице-премьер Литовченкэ Татьянэ, Парламентым закон эгъэпсынщІэну кьилъытэ хэкІыпІэхэмрэ кьагъэсэбэпын хуей Іэмалхэмрэ зэпкърихащ.

Тепсэлъыхьыныр зэфІэкІа нэужь, КъБР-м и АСМО-м и правленэм абы теуха унафэ кьищтащ.

КъыкІэлъыкІуэу зэхьыхьэм щедэІуащ республикэм и муниципальнэ щІыналъэхэм я зэгухьэныгъэм илъэс кьэс хальхьэ взносыр етІанэгъэ зыхуэдизынумрэ ар кьыхэрахьыну щІыкІэмрэ теухуауэ ассоциацэм и гъэзэщІакІуэ унафэщІ Маслов Николай жиІаэм. Илъэсым и кІуэцІкІэ тІэу - мазаем и 1-мрэ бадзэуэгъуэм и 1-мрэ - взносхэр ятын хуейуэ ягъэуващ.

Ещанэ Іуэхугъуэм хьыхьэу, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш университетым и лІыкІуэжу экономикэ щІэныгъэхэм я доктор Быдзыгъэ Црайрэ экономикэ щІэныгъэхэм я кандидат Гордеев Анатолэрэ республикэм и къуажэхэм, кьалэхэм зэрызаужьыр кьызэралъытэну методикэм кьызэхуэсахэр кьызэхагъэгъуэзащ.

ЗэІуцІэм хэтащ КъБР-м и Іэтащхьэм и Администрацэм и унафэщІ Битокъу Владимир, абы и кьудзэ Сарбашевэ Светланэ, республикэм и ялэ вице-премьер Литовченкэ Татьянэ, Парламентым закон эгъэпсынщІэну кьилъытэ хэкІыпІэхэмрэ кьагъэсэбэпын хуей Іэмалхэмрэ зэпкърихащ.

ТепсэлъыхьынымкІэ и комитетым и унафэщІ Берд Хьэзрэталий, министр щхьэхуэхэр, кьалэ, район администрацэхэм я Іэтащхьэхэр.

ХЬЭЖЫКЪАРЭ Алик.

Гуо Назимэ Москва къыпоплъэ

(КІэухыр. ПэщІэдзэр 1-нап.)

Іыхьищ нэужьым кьыхахащ нэхъыфІу кьалъыта пащыщыбр. Абыхэм я пщэрылъ, зэрыдахэм кьыдэкІуэу, зэрыкьыхьлІэри кьагъэлъэгуэну, гъащІэм кьахуигъэув Іуэху зэІуамыбзэм тыншу, емыкІу кьамыхьу хэкІыпІэ кьызэрыхуагъуэтыфыр ди фІыщ ящІыну. Кьыхэгъэщыпхъэщ, пщащэхэр я кьалэнхэм зэрыпІэльащэр, я хьэрхуэрэгъуэм зэрефІэкІыр кьагъэлъэгуэн папщІэ Іэмал зэхуэмыдзэкІ кьызэрагъэсэбэпар.

Утыкум ирагъэблагъащ 2009 - 2013 гъэхэм республикэм щекІуэкІа «КъБР-м и пащащэ тхьэІухуд» зэпеуэм пашэ щыхъуахэр. Ахэр Шэшэн Залинэ, Бэджий Аишэ, Кузьменкэ Екатеринэ, Жанатаевэ Ирэнэ, Шыгъушэ Айшэт сымэщ.

«КъБР-м и пащащэ тхьэІухуд-2014» щыхьэщІэр хуагъэфащащ илъэс 16 хьу, Налшык и гимназие №14-м щеджэ Гуо Назимэ. Ялэ вице-мисс фІащащ Уиновэ Алинэ. ЕтІуанэ вице-мисс хьуащ Соломкэ Линэ. «КъБР-м и пащащэ ныбжьыщІэ» щІэныгъэсащ Пашковэ Юланэ. «Мисс Интернет», «Мисс Гармония», «Мисс Очарование» щІхэр псори зыхуагъэфэщащ Бэрокъуэ Дианэщ. «Мисс Фитнес» хьуащ Мэкъуауэ ФатІимэ. «Мисс Зрительских симпатий» щІэр хуэфащ зыкІэльытащ Тау Джульеттэ.

«КъБР-м и пащащэ тхьэІухуд - 2014» зэпеуэр кьызэригъэпэщащ Налшык кьалэ адміністрацэм щэнхабзэмкІэ и кьудамэм и Іэщ Іагъэлі нахьщыхь **Бад Бэллэ**. Зэхьыхьэм и режиссер нэхъыщхьэр КъБР-м щІыхь зиІэ и артист **Балъкъэр Юрэщ**.

Зэпеуэр кьызэзыгъэпэщащэм зэрыжаІамкІэ, абы пашэ щыхъуа Гуо Назимэ кьафэмэ сурэт щІынымрэ дахьэх. Пщащэр хэтащ илъэс зэмылІэужьыгъуэзэм республикэм кьыщызэрагъэпэща дахагъэмкІэ зэпеуэхэм. Апхуэдэуи Москва щекІуэкІа «Неделя высокой моды» зэхьыхьэм зыкъыщІигъэльэгъуащ. Абы щыгъуэм «Модный приговор» нэтынкІэ ешІэгъэкІуэкІ Васильев Александр жиІащ школ нэужьым тхьэІухудым Москва кьызэрыщыпэплъэр.

Пшыхьэр зэрыздахащ республикэм и уэрэджьыкІуэ пажэхэу Хьэжьрокъуэ Сультан, Индинэ, Кьуздзокъуэ Алим, Жабоевэ Замирэ, Урысмамбот Мадинэ, Хуламканов Кьайсын, «Кабардинка», «Кавказ», «Креативчик», «Глория» зыкфакІуэ ансамблхэм, КъБКъУ-м кьафэмкІэ и «Каллисто» театрым.

ТЕКІУЖЬ Заретэ.

● Шэджэм щІынатъэ

ЩытыкІэфІ кьыхуэзэрагъэпэщ

Кьуажэ еджапІэхэм физкультурэмрэ спортымрэ зыщыхуагъэсэн папщІэ зэуІуу лэжьыпхъэхэм хьыхьэу, Щхьэлыкъуэ кьуажэм дэт школ №21-м спортымкІэ и пэшыр зэрагъэпэщыжащ.

ФЕДЕРАЛЬНЭ мылъкукІэ езы пэшымрэ зыгъэІэпІэнхэмрэ кьызыхуэтыншэу зыхуей хуагъэзащ, бокс рингыр кьэрал зэхуаку пщалъэм кьрагъэтІэсащ, спорт хьэпшыпхэр кьащэхуащ. А Іуэхум сом мелуан хухахащ.

Школьм и спорт гъэшэр зэрырагъэфІэкІуэм кьуажэм и боксерхэр хуабжьу щогуфІыкІ. Иджы нэхъ тыншу икІи купщІафІэу абы зыщагъасэ.

БоксымкІэ секцэр илъэс 20 хьуауэ зэлажьэ. А зэманым кьриубыдэу тренер Іэззэкэ, УФ-м спортымкІэ и мастерхэу Амщокъуэ Чэрим, Кьуздзокъуэ Анатолэ, КІэрэфхэ Арсенрэ Залымрэ я гъэсэнхэм зэпеуэ зэмылІэужьыгъуэхэм кьэдрэгъжьыпэр щаубыдащ. Псом хуэмыдэу ехьуЛІэныгъэшхэр яІащ ЕлгъэР Елдар, Джаназ Кьантемыр, Энеев Казым, Мэзыхьохэ Резуанрэ Асльэнбэчэрэ, КІэрэфхэ Астемырэ Тимуррэ.

Европэм боксымкІэ и чемпионатым КІэрэфэ Тимур нэгъабэ етІуанэ увыпІэр кьащІыхьащ. Энеев Казым Урысей зэхьэзэхуэм ещанэ щыхъащ, КИФЩІ-м и чемпионщ, Ирландиемрэ Китаймрэ щекІуэкІа зэпеуэхэм щытекІуащ. 2012 гъэ лъандэрэ кьэралым и командэ кьыхэхам хэтщ.

Мы зэманым боксымкІэ секцэм ныбжьыщІэ 40-м щащагъасэ. Мыгувэу школым спорт клуб кьыщызэІуахыну я мурадщ. Абы сабийрэ кьуажэдэс щІалэгъуалэу нэхъыбэ боксым хишэнущ.

Шэджэм муниципальнэ районым и щІыпІэ администрацэм и пресс-Іуэхущ Іапэ.

«Іуащхьэмахуэ и кубокыр» къытхуонэж

● Тхэквондо

Тхэквондомкі Э VII дунейпсо зэхьэзэхуэ Налшык дэт Универсальнэ спорт комплексым щекІуэкІащ. Абы кьрихьэлІащ ди кьэралым и щІыналъэ 23-м, Азербайджаным, Украинэм, Армением, Иорданием, Кипрым я спортсмен 600. Къэбэрдей-Балъкъэрым и щІыхьыр яхьумащ ди тхэквондоист ныбжьыщІ 100-м нэблагъэм икІи медаль зэмылІэужьыгъуэ 37-рэ къахьащ. Абыхэм командэ зэпеуэм бжьыпэр щаубыдри «Іуащхьэмахуэ и Кубокыр» зыІэрагъэхьащ.

ЗЭХЬЭЗЭХУЭР кьащІыізэІуахым КъБР-м спортымкІэ и министр Хьущт Асльэнбэч кьызэхуэсахэм фІэхъус псалъэ гуапэкІэ захуигъэзащ, утыкум кьихьэну спортсменхэм ехьуЛІэныгъэхэр зыІэрагъэхьэмэ, лъагапІэщІэхэм, абы Олимп Джэгухэри хьыхьэу, нэсмэ зэригуапэр яжриІащ. МахуищкІэ екІуэкІа зэпеуэ гуащІэм ди спортсмен ныбжьыщІэ 12 щытекІуащ, 11-м дыжьын, 14-м жэз медалхэр кьахьащ.

Я ныбжьымрэ зэхъагъэлъымрэ елъытауэ «Іуащхьэмахуэ и кубокыр» зыІэрагъэхьащ Мамий Алихъан, Багъ Идар, Занчук Даниель, Яхненкэ Даниил, Зыгъэл Аскэр, Щокъуий Исльам, Шабельниковэ Анастасие, Ахъмэт Борис, Унэжокъуэ Абдельджабар, Жабо Алимхъан, Елдэч Ренат, Пан Станислав сымэ.

Зэпеуэ гуащІэм ехьуЛІэныгъэхэр щызІэрызыгъэхьа, ди республикэм и щІэр щызыІэта спортсменхэр я гъэсэнщ тренерхэу Ахъмэт Амир, Бабыгуейхэ Рустамрэ Володарэ, Ким Виктор, ХьэкІагуэ Анзор, Мэкъуауэ Анзор, Балэ Асльэнбий, Гъут Рустам, Кьардэн Ахьмэд сымэ.

УАРДЭ Жансурэт.

Дыщи, дыжьыни, жэзи зыІэрагъэхьэ

● Дзюдо

Иджыблагъэ республикэм и щыхэрым щекІуэкІащ дзюдомкІэ урысейпсо зэпеуэ. Социалист Лэжьыгъэм и ЛІыхъужь Ахъмэт Мусэбий и фэеплъ 25-нэ зи чэзу зэхьэзэхуэм Налшык и Универсальнэ спорт комплексым щызэхуихьэсащ Урысей Федерацэм и щІыналъэ 15-м я спортсмен 200-м щІигъу. Фигу къэдгъэкІыжьынщи, мыпхуэдэ зэпеуэхэр 1989 гъэм зэхаублауэ ёокІуэкІ, 1995 гъэм ар урысейпсо мастер турнирым хуэкІащ.

КъБР-м спортымкІэ и министр, алыджурым бэнэкІэмкІэ олимп чемпион Хьущт Асльэнбэч дзюдоистэм ехьуЛІэныгъэхэр зыІэрагъэхьэмэ, лъагапІэщІэхэм нэсмэ зэригуапэр яжриІащ икІи республикэм и спортсменищым Урысейм щІэрыкІэ и мастерым и удостоверенэхэр яритыжащ.

Зэпеуэм и судья нэхъыщхьэ, УФ-м дзюдомкІэ щІыхь зиІэ и тренер Емкъуэ Мухьэмэд зэрыжиІамкІэ, нэхъыбэу республикэм и щІыхьыр зэхьэзэхуэм щызыхъэмар спортсмен ныбжьыщІхэрэщ. Абыхэм екІуу зыкІаЛІэныгъэщ икІи медаль зэмылІэужьыгъуэ зыбжанэ зыІэрагъэхьащ.

Я хьэлъагъэ елъытауэ зэхьэзэхуэм щытекІуащ Урысей Федерацэм спортымкІэ и мастерым и мардэхэр зыгъэзэщІахэу Туменов Мусарэ ЦІыпІынэ Мусэрэ. Дыжьын медалхэр кьахьащ Абазэ Исльамрэ ПІаз Хьусенрэ. Дзу Беслъэн, Хьурсинэ Зальем, Джолабов Кьайсын, Кьущхьэ Жамбот сымэ жэз медалхэр кьахьащ. Шаваев Хьэнапи и гъэсэн Джолабовым кьыщынэмыщІауэ адрей спортсменхэр тренер Емкъуэ Мухьэмэд и нэІэм щІэтщ.

КЪЭМБЭЧОКЪУЭ Албэч.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Жылагъуэ палатэм хэтхэр 2014 гъэм дыгъэгъазэм и 15 - 19-хэм щІыхуэхэм зэрахуэзэнур

Махуэр	Зэманыр	ЦІыхуэхэм яхуэзэнур	Телефонхэр
Дыгъэгъазэм и 15-м	Сыхьэт 14-16-хэм	Дзасэжь Хьэзрэталий Уэлий и къуэр	77-27-46
Дыгъэгъазэм и 16-м	Сыхьэт 14-16-хэм Сыхьэт 16-18-хэм	Котляровэ Мария Абрам и пхъур Сэхъурокъуэ Хьэутий	77-27-46 77-28-44
Дыгъэгъазэм и 17-м	Сыхьэти 9-11-хэм	Хьэрэт и къуэр Хьэшыр Светланэ Юрий и пхъур	77-28-44
Дыгъэгъазэм и 18-м	Сыхьэт 11-13-хэм	Абшаев Магомет ТІэхьир и къуэр	77-28-44
Дыгъэгъазэм и 19-м	Сыхьэт 14-16-хэм Сыхьэти 10-12-хэм Сыхьэт 14-16-хэм	Болэт Арсен Хьэбыж и къуэр Палагаев Михаил Александр и къуэр Къаскъуэ Владимир ФуІэд и къуэр	77-27-46 77-28-44 77-27-46

Къапэщытхэр унафэкІэ щІагъэбыдэ

● Франджы

Олланд Саркози къызэрыщхьэщыкІ щыІэкъым



Къэзахъстаным къыщикІыжьым Франджым и президентыр Мэзкуу къыщІетІысхэм и щхьэусыгъуэр дуней псом щафІэхьэлэмэтщ.

ЗыРИ пэмыплъауэ, Олланд Франсуа Урысей Федерацэм и кьалащхьэм къыщетІысхэну «Внуково-2» аэропортым Путин Владимир зэрыщыІуцІар куэд зыпэмыплъа Іуэхугъуэ кьыщІэкІащ.

Сыт зыхуэар Франсуа? Зэрыхуэбгъэфащэ хъунумкІэ, 2008 гъэм и щыщхьэуІум Франджым и президенту щыта Саркози кьыщІэкІуэращ. Абы щыгъуэм США-мрэ Германиемрэ, иджыпстуи хуэдэу, Урысейм кьыпэуват икІи Франджым кьыщынэмыщІауэ, узыгурыуэфын КъухьэпІэм зыри кьэнэжатэкъым.

Зыми жиІэфынукъым Меркель е Евросоюзым хьыхьэ адрей къэралхэм я унафэщІхэм я Іуэхур тыншу. Германием и канцлерыр ягъэпІейтей «сэмэгурэмэ» «ижьхэмэ». АрщхьэкІэ абы нэмыщІэкІэ Іэ хуаІэтынущ. Олланд и Іуэхур нэгъуэщІщ. Ар зи Іэтащхьэ къэралым Іэнатіэншэхэм щыхъхьуэ зэпытщ, къэІэпхъуэм бэлыхь кІуэ щыхагъэтщ. А псом я зэранкІэ иджырей президентым и телъхьэхэр зэрыхъур процент 20-м щІигъуркъым.

Апхуэдэу щыщыткІэ, мамырщІэкъу фащэр щитІагъэу, 2008 гъэм Куржьмрэ Урысеймрэ я зэхуакум дэта Саркози хуэдэу, Киеврэ Мэзкуурэ зэригъэкІужьну хущІэкъумэ, Іуэхур кьикІынкІэ хуэнущ.

2017 гъэм и гъатхэм франджыхэм я президентыр хахынущ. Абы иджы щыщІэдзауэ зыхуагъэхьэзыр. Олланд ныкъуэкъуэгъу льэщхэр и куэдщ. Апхуэдэхэщ а къульыкъу льагэр нэхъапэм зыыгъа Саркози Николярэ «Льэпкъ фронтым» и пашэ Ле Пен Маринрэ. Абыхэм даІыгъыкъым Евросоюзым Урысейм иджыпсту хуиІэ зэхущытыкІэхэр.

ГРИШИН Александр.
«Аргументы и факты

● Мылъку

Валютэм и уасэр докІуей, щІыдагъэм кьыпэкІуэм кІэроху

Иджыри къэс зэи имыІа уасэкІэ зэпэщІэуващ урысей сомымрэ хамэ къэрал валютэхэмрэ.

ИУЖЬРЕЙ илъэситхум иджы хуэдэу долларым и льэр быдэу зэи щытакъым. Абы и уасэр иужьрей льэхъэнэм процент 50-м щІигъкІэ зыщыщІигъуа Урысей Федерацэм кьыщынэмыщІауэ (зы долларым сом 35-рэ пэкІуэу щытатмэ, иджы сом 54-м фІэкІащ) ар щызыхащІащ США-м и дэрэгъуу щыт Япониеми, Канадэми, Великобританиеми, Швецариеми. ЦІхьэуасыгъэр Америкэм и Штат Зэгуэтхэм я экономикэм хуабжьу зэрызиужьырэ. БлэкІа щэкІуэгъуэ мазэм и закъуэ абы лэжьапІэ ІэнатІэщІэ мин 321-рэ кьыщыщІуахащ. Ар нэхъыбэ дыдэу зыщыгугъахэм куэдкІэ щыІегъу.

США-м елъытауэ Урысейм зыщІигъэщІэгъуэн иІэхъым. Абы и экономикэр нэхъыбэу зэлъытэ щІыдагъэм и уасэр йохуэх икІи зы баррелым хуэзэу мазитІ-щы ипэкІэ долларищэм щІигъу кьрату щытамэ, иджы доллар 70-м нэсыжьыркъым. НэгъуэщІу жьпІэмэ, процент 30-м щІигъкІэ ехуэхащ. Абы хэгъэхьэж КъухьэпІэмрэ США-мрэ кьращІыпІа санкцэ тКІийхэри, Іуэхур хэпльэгъуэ дыдэ мэхъу.

Инфляцэр ди къэралым мы гъэм процентитхум щыфІэмыкІыну нэхъапэм я гугъамэ, иджы ар хуэдитКІэ нэхъыбэ хъуащ. Дауи, лэжьапІэ ІэнатІэхэми кьахэхъуэрэкъым. ЗыхэхъуэР махуэ хэщ щыхуэхэм кьагъэсэбэп Іуэхутхьэбзэхэмрэ ерыскъыкэкІэмрэ я уасэкэрщ.

ЗУБКОВ Игорь.
«Российская газета»

Грознэ кьалэм дэт Печатым и унэр мафІэм ес.

● Іуэху бгъэдыхьэкІэ

Шэшэным ирахунурэ, я унэри къагъэуэнущ

Шэшэным и Іэтащхьэ Кадыров Рамзан жиІащ боевикхэм я адэ-анэхэм я бынхэм папщІэ жэуап дяпэкІэ яхьыну.

ДЫГЪЭГЪАЗЭМ и 4-м боевикхэр кьазэрытеуам Шэшэным и кьалащхьэм щыпсэухэр игъэгужьеящ. Иджыщ абыхэм я гур кьыщызэрыгъуэтыжьыр. Хэщыныгъэхэр инщ: полицей 14 хэкІуэдащ, 28-рэ уІэгъэ хъуащ. Зэхакъутащ ПечатымкІэ унэмрэ школ №20-мрэ.

Хабзэхъумэ 15 Мэзкуу и сымаджэщхэм иджыпсту щагъэхъуж. ХэкІудэхэм я унагъуэхэм сом мелуан зырыз иратыну кьагъэгугъащ. Зи сату щыІапІэхэр зэхэуэм и зэранкІэ зэхакъутахэм дэтхэнэми сом мин 300 хуапшыныжынущ.

- Сэ кьалэн ящысщІащ Илъэсыщ Іэм ирихьэлІэу Печатым и унэр зэфІагъэувэжыну, - жиІащ Шэшэным и Іэтащхьэм. КьищынэмыщІауэ, абы кьыхигъащащ зэкІуэдахэм езым и Іыхьлы дыдэ Кадыров Умар зэрахэтыр.

Министрхэр, районхэм я унафэщІхэмрэ хьадийкэмрэ зыхэта зэІуцІэшхуэ Шэшэным и Іэтащхьэм иригъэкІуэкІащ. Абы щыжиІащ я унафэм щІэт щІыпІэхэм хабзэм кьемыззэгъэІуэу зыгуэрым Іэщэ кьыщищтэмэ, кьулыкъущІхэм я Іэнатіэр зэрафІэкІуэдыну. Ахэр кьыгъэгугъащ вахабит хьууэ зыми яхуимыдэну икІи абыхэм теплъэкІи, зыхуэпэкІэкІи, дуней тетыкІэкІи зезыгъащхьэр зэхэзэхуэн ищІыну.

- Официальнэу хьыбар фызогъащІэ: щыІэжькъым адэ-анэхэм я бынхэм папщІэ жэуап ямыхьу щыщытэ зэманыр. И къуэр терроризмэмрэ ваххабизмэмрэ я гъэугум теувауэ зыльгъагъу адэр кьрекІуи, Іуэхур зытетыр кьыдрелІэ. Иджы щыщІадзауэ, полицэм и лэжьакІуэ е нэгъуэщІ цІыху зыукІа боевикым и унагъуэр зэи кьыгъэззэжьну хуимыту икІэщыпІэкІэ Шэшэным итхунущ, я унэри кьэдгъэуэнур, - тКІийуэ жиІащ Кадыровым.

ДРОБОТОВ Алексей.
«Известия»

● КъэхъукъащІэхэр

ЛэжьапІэм зэрыІуагъэкІар игу техуакъым

Полицэм яубыдыну иужь щихьэм, абыхэм ящыщ зыр рабочэм иукІащ, адрей щыр уІэгъэ ищІащ.

КОПТЕЛОВ Владимир блыщхьэ кІуам и пщэдджыжьым Международнэ кьалэм (Кемеровэ область) щыІэ «Распадская» шахтэм и унэжь хуэдэу кІуащ. Сыти жыІи, илъэс 31-рэ хьуауэ абы токару щолажьэ. Ар зыми кьигъэувыІакъым, илъэс 61-рэ зи ныбжь лІыр зэрыІуагъэкІрэ мазих хьуа пэтми. Коптеловыр мехцехым и унафэщІ Старостин Евгений и пэщымкІэ иунэтІащ. Бжэр Іуиудри, зэрыкІуэм хуэдэурэ кІэрахьуэр кьрихащ.

- Мыр сызэрыхьэулеям папщІэщ! - жиІэри шэ зыбжанэ кьригъэлъэлъащ.

Илъэс 45-рэ зи ныбжь Старостин Евгений ираупщІыкІам хуэдэу укІуриящ. КІэрахьуэ уэ макъыр щызэхахьм, цІыхуэхр зэхуэжэсащ, кІэлындорыр кІиймрэ гуІэмрэ зэщІищтащ. Зэрызехьэм зыми игу къэкІакъым Коптеловыр яубыдыну. Абы щэхуу зигъэбзэхьжащ.

- Старостин Евгений зэхьлъэ дыдэу кьытхуашащ, - щыжаІащ Международнэ сымаджэщым. – Абы пІы куэд фІэкІуэдащ. Ар кьрагъэльну дохутырхэр хущІокъу, аущ зэрыхьунур зэкІэ зыми хужьаІэнукъым.

ЩІэпхъаджащэр яубыдыну полицейхэр и унэм кІуащ.

- КъыІуфІ – дэ дыполицэщ, - бжэр тракъутэу хуежьащ ахэр.

ЯлэщІыкІэ - псори щымащ. Дакъыкъэ зытІущ дэкІри, Іуныкъэзых макъ зэхахащ. Бжэр псынщІэу адэкІэ къыщыІуаудри, щэр кьытрагъэлъалъэу хуежьащ.

- Ди лэжьакІуэ псоми щэпыудзхэр (бронежилетхэр) ящыгъащ. Абы и фІыгъэкІ тІур псэууэ кьэнащ, уІэгъэ хьэлъэ кьуа пэтми, - жиІащ Кемеровэ областым щыІэ МВД-м и пресс-Іэнатіэм и унафэщІ Сергеев Владимир. – Майор Ефимов Николай щэр и кьурмакъейм техуащ икІи абы кьелакъым. Полицейхэр икІуэтын хуей хъуащ, я ныбжьэгъур кьащтэжу.

Зэхэуэ къыщыхьуа щыІэпІэм икІэщыІэпІэ льэтащ Кузбассым и полицэм и Іэтащхьэ Пантелеев Юрий. Унэм кьрашэпІат Международнэ и хабзэхъумэ псори: кьатитхуу зэтет псэуалъэр кьахуэгуреихьри, зэхэзекІуэр щрагъэгъэтащ.

Коптеловым зыкъитын идакъым икІи щхьэгъубжэмкІэ кьыдэхІыу хуеяжьащ. Иджыри зы полицей уІэгъэ ищІащ.

Арати, хабзэхъумэхэр ебгъэрыкІуэн хуей хъуащ. ЛІыр мыгувэу яукІащ.

Кьэхъуа псори зэхигъэкІыну сладствэм кьыпэщылъщ. ЩІэпхъаджагъэм Коптев Владимир езыхулІар зэкІэ гурыІуэгъуэкъым. АпщІондзэкуКІэ пенсионерым и гъунэгъуэм а Іуэхур кьызыхэкІауэ кьаззрыщыхъур жалэ.

- Ар сыт щыгъуи зышыІэныгъэ зыхэлъ цІыху мамыру щытащ, - кьеІуэта Коптевым пэмыжьажьэу псэу унэгъащэм. - Ауэ лэжьапІэм кьызэрыІуагъэкІыу кьыпхуэмыщІыхужу зихъуэжащ. Хуабжьу Іэп хъуащ. Сыт щыгъуи жиІэрт кьимыльэкьуэу Іэнатіэм кьыпэщылъ. Уеблэгъуэ имыІэу тхьэусыхэхэр кьулыкъущІэхэм яхуитхырт.

- Коптевыр кьызэрыІуагъэкІар захуагъэм кьуэнащъэм схужьІэнукъым, ауэ Іэнатіэхэр зэрагъэмащІэм ди кьалэр ергъэгулэз, - иджыблагъэ Налшык нэхъыщхьэ зы цІыхубзм. - Шахтэхэм фІэкІа нэгъуэщІ лэжьапІэ щыІэкъым, щыІэнуи фэ теткъым.

- УкІуэда полицейм и унагъуэмрэ фэбжь зыгъэзта хабзэхъумэхэмрэ мылъкуКІэ защІэдгъэжьэнущ, - жиІащ Кемеровэ областым и губернатор Тулеев Оман. Ар езыр кІэлъыплъынущ Іуэхур зэрызехагъэкІым.

САРДАКОВЭ Екатеринэ.
«Комсомольская правда»

Сабий гущІэгъуншэхэр

● Абы дегъэпІейтей

НыбжьыщІэхэм я щытыкІэм теухуауэ Узыншагъар хъумэныкІэ дунейпсо организацэм щІэх-щІэхьыурэ кьэпщытэныгъэхэр ирегъэкІуэкІ.

КЪЫЗЭРЫЩІЭКІЫМКІЭ, хъыджэбз цІыкІу нэхъ гущІэгъуншэ дыдэхэр Венгриемрэ щопсэу. ЩІалэ цІыкІуэхэр щынэхъ Іэлщ Чехием. Венгр бзылъхугъэ цІыкІуэхэм я процент 32-мрэ чех ныбжьыщІэ щІалэхэм я процент 69-мрэ илъэс кьэс нэхъ мащІэ дыдэу зы зэзауэ нэхъ мыхъуми хэтщ.

КьищынэмыщІауэ, хъыджэбз цІыкІуэхэр хуабжьу щигущІэгъуншэу кьалъытэ Эстониемрэ, Литвамрэ, Бельгиемрэ, щІалэ цІыкІуэхэр - Литвамрэ, Латвиемрэ, Израилым.

НыбжьыщІэ нэхъ мамыр дыдэхэр Финляндиемрэ щопсэу.

Урысей Федерацэм и гугъу пщІымэ, сабий нэхъ гущІэгъуншэ кьызыхэкІыр льэпкъ куэд щызэхэс щІыпІэхэмрэ кьалэщхуэ дыдэхэмрэщ. НыбжьыщІэ нэхъ убыдыпІэншэ дыдэхэр щыпсэур Мэзкуущ.

Интерфакс агентствэ.

ПІанэпэр зыгъэхьэзырар ЖЫЛАСЭ Заурбэчщ.